दिन–सोमवार दिनांक–20.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु कहलनि जे अवसंरचना ओ नींव अछि, जाहि पर आधुनिक देश बनल अछि। श्रीमती मुर्मु राष्ट्रपति भवन मे भारतीय रेलवेक परिवीक्षाधीन अधिकारी आ केन्द्रीय अभियांत्रिकी सेवा सड़कक सहायक कार्यकारी अभियंता लोकनिक संग गपशप कऽ रहल छलीह। राष्ट्रपति कहलनि जे मजगूत आधारभूत ढ़ांचा लॉजिस्टिक लागति कम करैत अछि, व्यापार के मजगूती दैत अछि, निवेश आकर्षित करैत अछि आ उत्पादकता बढ़बैत अछि।

---

नारी शक्ति वंदन अधिनियम सँ संबंधित संशोधन विधेयक कैँ संसद मे पारित नहि होमऽ देबए के विरूद्ध एनडीए महिला कार्यकर्ता लोकनि आइ पटनाक कारगिल चौक पर आक्रोश प्रदर्शन कयलनि। एहि प्रदर्शन मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो सम्मिलित भेलाह। एनडीए के घटक दल सँ जुड़ल महिला कार्यकर्ता बापू सभागार सँ जेपी गोलंबर होइत कारगिल चौक धरि मार्च निकाललनि। एहि मे पैघ संख्या मे महिला सभक भागीदारी देखायल। आक्रोश मार्च मे पूर्व उपमुख्यमंत्री रेणु देवी, पूर्व मंत्री श्रेयसी सिंह, पटनाक महापौर सीता साहू सहित कतेको वरिष्ठ महिला नेत्री सम्मिलित छलीह।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कारगिल चौक पर जन आक्रोश सभा के संबोधित करैत कहलनि जे विपक्ष महिला लोकनिक अपमान कयलक अछि। ओ कहलनि जे तैंतीस प्रतिशत महिला आरक्षण महिला सभक सशक्तिकरणक दिशा मे एक पैघ डेग अछि। श्री चौधरी कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी महिला सभ के राजनीतिक रूप सँ सशक्त बनेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। विपक्षी दलक रवैया पर प्रश्न उठबैत ओ जनौलनि जे नारी शक्ति वंदन अधिनियम सँ संबंधित संशोधन विधेयक के लोकसभा मे रोकि कऽ कांग्रेस, राजद सहित सभ विपक्षी दल ऐतिहासिक गलती कयलक अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व कृषि मंत्री रामकृपाल यादव कहलनि जे महिला आरक्षण विधेयक के रोकि कऽ विपक्ष नारी शक्ति कँ अपमानित करबाक काज कयलक अछि। पटना मे महिला आक्रोश मार्च मे सम्मिलित होयबाक दरमियान आकाशवाणी समाचार सँ गपशप करैत श्री यादव कहलनि जे अबए बला दिन मे विपक्षी दल सभ के एकर नोकसान उठबय पड़त।

———————————————————————

जदयू विधानमंडल दलक आइ पटना मे एक अणे मार्ग स्थित आवास पर एक महत्वपूर्ण बैसक भेल। बैसक मे पूर्व मुख्यमंत्री आ जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार के विधायक दलक नेता चुनबाक लेल अधिकृत कयल गेल अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आ विधान पार्षद नीरज कुमार पत्रकार सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे सभ विधायक पार्टीक सर्वोच्च नेता नीतीश कुमार के सभ महत्वपूर्ण निर्णय लेबाक लेल एक मत सँ जिम्मेदारी सौंपि देलनि अछि।

———————————————————————

राज्यक उनतीस जिलाक तीन सय तिरसठि पैक्स मे अध्यक्ष आ प्रबंध समितिक चयनक लेल आइ मतदान शांतिपूर्वक संपन्न भऽ गेल। एहि दरमियान सभ मतदान केन्द्र पर सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल। अत्यधिक गर्मीक बादो पैघ संख्या मे लोक सभ भाग लेलाह। एहि समय मतगणनाक प्रक्रिया शुरू कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

राज्य मे जनगणना दू हजार सत्ताईसक पहिल चरणक अंतर्गत स्वगणनाक काज सुचारू रूप सँ चलि रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव एवं पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित कतेको गणमान्य लोकनि स्वगणनाक प्रक्रिया मे व्यक्तिगत रूपेँ भाग लेलाह अछि। एम्हर, आम लोक सभ मे सेहो स्वगणनाक प्रति रूचि देखा रहल अछि। हमर जिला संवाददाता सभ जनौलनि जे जनगणना ऐहेन महत्वपूर्ण काज मे लोक सभ बढ़ि–चढ़ि कऽ भाग लऽ रहलाह अछि। किशनगंजक जिलाधिकारी विशाल राज कहलनि जे एखन धरि नओ हजार लोक सभ स्वगणनाक लेल वेब पोर्टल पर जा कऽ अपन जनतब दर्ज करौलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेशक दक्षिण भाग भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार कतेको ठामक तापमान बियालीस डिग्री सेल्सियस के लऽग पास पहुंचि गेल अछि। ओतहि रोहतास जिलाक डेहरी मे अधिकतम तापमान तैंतालीस डिग्री सेल्सियस के ऊपर दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला दू सँ चारि दिनक दरमियान कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद आ गया सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे कतेको ठाम अधिकतम तापमान सामान्य सँ दू सऽ तीन डिग्री सेल्सियस बेसी बनल रहत।

———————————————————————

अररिया जिलाक फुलकाहा थाना क्षेत्र सँ पुलिस भारी मात्रा मे नेपाली शराबक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त